

1**2**

Ti Etap vè Gran Rèv Inivèsite yo

3

BLÒK KONSTRIKSYON #3

Fè Premye Depo sou Kont Epay Inivèsite ou an ki Konekte a



Yon fwa ou louvri pwòp kont epay inivèsite ou an epi konekte li nan Kont Bousdetid NYC pitit ou a, ou pare pou kòmanse ekonomize ak Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

Ekonomize pou inivèsite se yon pati enpòtan nan plan finansye jeneral yon fanmi an - men li pa pati a sèlman. Kantite lajan ki fè sans pou ekonomize pou inivèsite a diferan pou chak fanmi. Bon nouvèl la se ke pa gen okenn kantite lajan ki twò gwo oswa twò piti lè ou kòmanse ekonomize bonè! Kòmanse ekonomize pou inivèsite lè pitit ou a jenn ka fè yon gwo diferans nan tan pou timoun kindergarten ou an rive nan inivèsite.

Si ou depoze omwen 5 \$ sou kont epay inivèsite ou konekte anvan 26 Jen 2018, NYC Kids RISE ap depoze yon lòt 25 \$ sou kont bousdetid pitit ou an.

Sonje byen, sa se sèlman kòmansman patenarya nou an ki pou dire lontan pou ekonomize ansanm pou avni pitit ou a. Pati ki pi enpòtan an se kòmanse.

Ou prè pou kòmanse ekonomize?

Pou plis enfòmasyon, vizite nyckidsrise.org/start-saving

NYC
KIDS RISE™ Save for College Program

Konsèy 1

Chèche yon objektif ekonomi.

Yon bon fason pou kòmanse se gen yon objektif pou konbyen lajan ou vle ekonomize sou yon orè regilye. Reflechi sou sa ou ta kapab mete sou kote chak semèn oswa chak mwa, ki baze sou depans ki pi enpòtan ou yo ak priyorite ekonomi yo. Sa yo ka gen ladan lwaye, epis, swen sante, transpò, peye prè, oswa ekonomize pou pran retrèt.

Pou kèk moun, li mache pi byen pou yo mete sou kote yon kantite lajan chak semèn oswa sou chak chèk. Deside kisa ki pi byen mache pou ou ak fanmi ou.

Sonje, kòmanse kounye a tou piti, depo regilye pèmèt ou pran avantaj de yon gwo faktè ou gen ki jwe pou ou kise: tan.

Konsèy 2

Chwazi pi bon fason an pou fè depo ou yo.

Kijan ou pral fè depo ekonomi regilye ou yo? Ou pwobableman gen kèk opsyon, ki depann de patwon ou, tip de kont epay ekonomi ou, ak teknoloji ki disponib. Men kèk posibilite:

- ➔ **Depo sou entènèt:** Ale sou entènèt epi transfere lajan de kont bankè ou sou kont epay inivèsite ou chak mwa, chak semèn, oswa chak peryòd yo peye ou.
- ➔ **Dediksyon pewòl:** Mande anplwayè w lan si ou ka gen yon montan otomatikman ki pran nan chak chèk pèman ou epi depoze dirèkteman sou kont ekonomi inivèsite ou.
- ➔ **Transfè otomatik de kont labank ou:** Mande bank ou si ou ka gen yon kantite lajan pran nan kont ou epi voye nan kont epay inivèsite ou chak mwa, chak semèn, oswa chak peryòd pèman.
- ➔ **Chèk nan lapòs oswa depo an pèsòn:** Ekri yon chèk epi poste li nan kont epay inivèsite ou chak mwa, chak semèn, oswa chak peryòd pèman - oswa depoze li dirèkteman. (Depo an pèsòn yo sèlman disponib pou yon kont epay inivèsite ki louvri nan yon bank.)
- ➔ **Depo Lajan Kach an pèsòn:** Depoze lajan kach pou depoze nan kont epay inivèsite ou. (Sa a sèlman disponib pou yon kont epay inivèsite ki louvri nan yon bank.)

Pou plis enfòmasyon sou fason pou fè depo nan kont epay inivèsite ou, vizite nyckidsrise.org/start-saving.

Ou prè pou kòmanse ekonomize?

Pou plis enfòmasyon,
vizite nyckidsrise.org/start-saving.



Konsèy 3

Di zanmi ak fanmi ke ekonomize pou inivèsite se yon priyorite.

Ou pa oblije fè sa poukont ou. Si gen granparan, matant, tonton, kouzen, paren, oswa zanmi ki vle ede ou ekonomize, yo ka kontribye tou nan kont epay inivèsite pitit ou a. Yo ka fè yon depo pou yon anivèsè nesans, yon jou ferye, oswa nenpòt lò. Zanmi ak fanmi kapab tou ofri ankourajman ak rapèl pou rete sou bon chemen an.

Konsèy 4

Pale ak yon konseye finansye pwofesyonèl GRATIS.

Pou sipò yon tèt-a-tèt pou fè yon plan pou ekonomize epi rete soude ak li, enskri pou konsèy finansye gratis e konfidantral nan yon Sant Ranfòseman Finansye Vil Nouyòk. Pou pran yon randevou, rele 311 oswa vizite nyc.gov/dca.

Gen plis pase 20 Sant Ranfòseman finansye (Financial Empowerment Center) atravè vil la. Twa kote ki pi pre Lekòl Distri 30 yo make pi ba a (jou ak lò operasyon yo ka chanje):

➔ Urban Upbound

- 38-85 13th Street, Long Island City, NY 11101
- Disponib Lendi - Vandredi (9: 00 am - 6: 00 pm), Jedi (11: 00 am - 7: 00 pm)
- Lang: Anglè, Espanyòl

➔ Klinik Finansyè nan Make the Road Nouyòk

- 92-10 Roosevelt Avenue, Jackson Heights, NY 11372
- Disponib Lendi, Madi, ak Vandredi (10: 00 am - 6: 00 pm)
- Lang: Anglè, Espanyòl

➔ Neighborhood Trust Financial Partners nan Neighborhood Housing Services, nan Nò Queens

- 60-20 Woodside Avenue, 2nd Floor, Woodside, NY 11377
- Disponib Lendi ak Mèkredi (9: 00 am - 6: 00 pm)
- Lang: Anglè, Espanyòl



Envesti nan pitit ou-ekonomoze pou inivèsite

CHACHE KONNEN KI JAN

nyckidsrise.org

Rele 833-KID-RISE (833-543-7473)

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC KIDS RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou fè inivèsite pi aksesib e reyalizab pou chak elèv lekòl leta nan Vil Nouyòk-kèlkeswa revni fanmi an oswa stati imigrasyon yo. NYC Kids RISE, yon òganizasyon charitab, ki jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a an patenarya avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk la.

NYC
KiDS
RiSE™

NYC™

Office of
the Mayor | Department
of Education

GRAY
FOUNDATION

BB30v_HC
March 2018

